ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№70 (24.206) ● 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 16, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил иригъэкІуэкІа зэІущІэм къыщыпсэлъащ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил дыгъуасэ Пятигорск къалэм щригъэкІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа Іуэхухэмкіэ Правительствэм и комиссэм хэтхэм я зэІущІэ. Абы къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

УРЫСЕЙМ и Правительствэм и Унафэщіым зэІущІэр къыщыгъэІуихым къыхигъэщхьэхкІащ: «Пэжыр жылІэн хуейщ, Кавказым иджыпсту щыІэтеуфа щытыкІэр тынш дыдэкъым. Ялэхэми хуэдэу, гугъуехьхэр мымащІэу щыІэщ икІи ахэр дэгъэкІа хуэн папщІэ федеральнэ Іэнатіэри къыхэмыхьэу хьунукъым».

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хьыкъ щыналъэхэм зегъэужьыныкІэ Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм ящыщу Мишустин Михаил къыгурыІуэ, ІуэрыІуатэ, туризмэмрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ. «Кавказ Ищхъэрэм и экономикэм и тегъэщІапІэ нэхъыщхьэу туризмэр щытын хуейуэ къызэлыытэ. Фи щІыналъэм хэкІыпІэ псори щыІэщ Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщІ къэралхэм щыщхэри зыгъэпсэхуакІуэ къэкІуэн папщІэ», - жиІащ абы. «Мы Іэнатіэм и инженер инфраструктурэ зэтегъэувэнымкІэ къэралыр дэІэпыкъуэгъуу щытынущ, адрей Іэхуэхэм - кІапсэ гъэгурэгъэ, зыгъэпсэхупІэхэр, хьэщІэщхэр ухуэным егупсысын хуейр инвесторхэрщ», - къыигъэпсэгъащ Мишустин Михаил.

Агропромышленнэ комплексым и гугъу щищІым Правительствэм и Унафэщіым жиІащ: «Мы Іэнатіэм щІэгъэхуэбжьауэ зеужь. Нэгъабэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэкъумэкІэхэмрэ къехьэлІэныкІэ округым ятІэ ущыпІэр къэралым щиубыдащ. Апхуэдэ зэфІэкІхэм нэхъри зегъэубгъун хуейщ».

Абы къыхигъэщхьэхукІащ Кавказ Ищхъэрэм и субъектхэм я экономикэ зыужьыныгъэм хиубыдэ Іуэху нэхъыщхьэхэмкІэ ар икУ ину Урысейм и зыужьыныгъэм къызэрыкІэрыуэр. Апхуэдэ экономикэ Іуэхугъуэхэм ящыщу зы цІыхум хуэдэу къалэжь валовэ щІыналъэ продуктыр, капитал нэхъыщхьэм халъхьэ инвестициехэр зыхуэдизыр. «Дэ къыгурыІуэ щІыналъэхэм, абыхэм щыпсэу цІыхухэм мыльку нэхъыбэ къызэралажьын Іэмалхэр зэтегъэувэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу дыхъуну, уней мылькур нэхъ зыубгъуауэ къаГъэсэбэпынымкІэ бюджет ахъшэри щІэгъэкъуэн къэтщІыну», - жиІащ Мишустин Михаил.

Премьер-министрым къыхигъэщхьэхукІащ: «Инфраструктурэ гугъуехьэри мащІэкъым - гъэгурэхэм, коммуналнэ Іэнатіэм гулыітэ хэха ягъуэтын хуейщ. А Іэнатіэхэр округым хиубыдэ щІыналъэ псоми хуабжьу зэкІэлъыкІуэ щыхъуащ. Псы фІейр зыгъэхъабзэ Іуэхугъэ, зыгъэпсэхупІэхэр, хьэщІэщхэр ухуэным егупсысын хуейр инвесторхэрщ», - къыигъэпсэгъащ Мишустин Михаил.

Агропромышленнэ комплексым и гугъу щищІым Правительствэм и Унафэщіым щІэгъэхуэбжьауэ зеужь. Нэгъабэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэкъумэкІэхэмрэ къехьэлІэныкІэ округым ятІэ уэрыІуэр щамыубзыхуу хуэнукъым».

УФ-м и Правительствэм и Унафэщіым къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ Правительствэр илъэси 10 гъунэгъум къриубыдэу Кавказ Ищхъэрэм игъуэтыну социально-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегием зэрелэжьым икІи а стратегиер Іуэху пыухыкІахэм ятещІыхьауэ зэрыщытынум.

Коронавирус уз зэрыщІэлэр къызэрызэщІэрыуэжым теухуауэ Мурашкэ Михаил жиІахэм ялъытІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм къалэн щащІащ а узыфэр къэзыгъэзыуві вакцинэ зыхегъэлъхьэн зэрыхуейм теухуауэ нэхъ зыубгъуауэ цІыхухэм ядэлажьэну.

Апхуэдэу зэІущІэм докладхэр щащІащ УФ-м экономикэм зыужьыныгъэмкІэ и министр Решетников Максим, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Патрушев Дмитрий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лъыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Чайкэ Юрий, Туризмэмкіэ федеральнэ агентствэм и унафэщІ Догузова Зарина сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм щиІа докладым къыщигъэлъэгъуащ 2020 гъэм ирагъэкІа лъжьыгъэм кьрикІуэ Іуэху нэхъыщхьэхэмрэ щІыналъэм адэкІи зегъэужьыныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ.

«Зэрыщыту къапщтэмэ, республикэм 2020 гъэр екъупІэныгъэ пыухыкІахэр иІэу къызэринэкІащ. Урысейм и Президентым къиГъэува къалэнхэм япкъ иткІэ Урысей Федерацэм и Правительствэм икъукІэ игъуэу дэІэпыкъуэгъушхэу къызэрытхуэхъуам и фІыщІэкІэ щІыналъэр тэмэму пандемием пэщІэтыфащ, социальнэ Іэнатіэмрэ экономикэмрэ щыІэ щытыкІэхэр хъарзынэу зэблигъэкІащ», - къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Казбек.

И докладым абы къыщыгъэлъэгъуащ гъэ кІуам кърикІуа экономикэ Іуэху нэхъыщхьэхэр: ухуэныгъэм, промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм нэхъри зэрызауэжьар. Республикэм и бюджетым и хэхъуэхэр нэхъыбэ хъуащ, къэрал щыхуэр ягъэмэщІащ, коммерческэ щыхуэ псори япшныжащ, Республикэм и экономикэм и Іэнатіэ пыухыкІахэм зауж пэтми, жиІащ КІуэкІуэ Казбек, язынікъуэ Іэнатіэхэм я зыужьыныгъэрику иту Урысейм екъэлІа бжьыгъэхэм кьакІэроху. Экономикэм дгпэкІэ зиужьын папщІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэу щыІэр нэхъ зэфІэкІыщхэкІэ зыщыгуГъ Іэнатіэхэр нэгъэсауэ щІэгъэкъуэн хэщыныкъ. Къапщтэмэ, мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэм иджыпей технологиехэр нэхъ зыубгъуауэ къыщагъэсэбэпмэ, щІым кьыпах хьерым нэрылъагъуу хэхъуныщ. Апхуэдэ хэкІыпІэхэм ящыщщ иджырей жыг хадзкэр зехьэныр, мэракІуэхэр, хадзкэкІхэр нэхъыбэу хэсныр. ЩІыналъэм и Іэтащхьэм къыдэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ Урысей Федерацэм и мэкъумэш Іуэхущ Іапіэхэм къыщыпачыж пхъэщхьэмыщхьэм и Іыхьэ щанэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэкІыр икІи а бжьыгъэр нэхъри нэхъыбэ щынымкІэ Іэмалхэр зэрыщыІэр.

Туризмэм и Іэнатіэм и зыужьыныгъэм щытепсэлъыхьым КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхукІащ 2021 гъэм и ипэ мазищым республикэм турист мин 243-рэ къызэрыкІуар, ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 70-кІэ зэрынэхъыбэр. А бжьыгъэм щыщу мин 220-м зыщагъэпсэхуар «Эльбрус» курортырщ.

«Къэралым мы Іэнатіэм ахъшэшхэр зэрытригъэкІуэдэнум, «Кавказ Ищхъэрэм и курорт хэр» акционер зэгуэхьэныгъэр Іэнатіэм зегъэужьынымкІэ планхэмрэ проектхэмрэ зэхэлъхьэным егупсысауэ зэрыбгъэдыхьэм я фІыщІэкІэ дэ «Эльбрус» курортыр ильэс гъунэгъухэм кьриубыдэу дунейпсо мыхьэнэ зиІэ зыгъэпсэхупІэ хъуну дыщогугъ», - жиІащ республикэм и Унафэщіым.

«Ищхьэкіэ къыщыгъэлъэгъуа Іэнатіэхэм я зыужьыныгъэм пыщІауэ товарэмрэ Іуэхутхьэбзэмрэ я куздагъым зэрыхэхъуэнум къыдэкІуэу, социальнэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэр - цІыхухэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщыныр - нэсу гъэзэщІа хъунущ», - жиІащ къэпсальэм.

Инвесторхэр Іуэхум тегъэгушхуэныкІэ нэхъыбэ дыдэ зыхуэзфІэкІынухэм ящыщу КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхукІащ Урысей Федерацэм и банк Іэнатіэр. Абы Урысейм и Правительствэм и УнафэщІым лъэІукІэ зыхуигъэзащ Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм екъэлІа бжьыгъэхэм къыкІэроху. Экономикэм дгпэкІэ зиужьын папщІэ хэкІыпІэхэм я проектхэр ахъшэкІэ къызэзыгъэпэщ кредит Іуэхущ Іапіэхэм я мылькур яфІэмыкІуэдыныкІэ щэсыпІэ хэхахэр убзыхуа хъуным хэпльэну.

Мишустин Михаил Кавказ Ищхъэрэм инвестицэхэр къихуэзэщІэгъэІуэным нэхъри егугъупхъэу зэрыщытыр икІи абы папщІэ округым и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэмрэ инвесторхэмрэ нэхъ зэІухауэ зэдэлажьэн зэрыхуейр къигъэлъэгъуащ. «Дэ дызэгъусэу делэжьын хуейщ инвесторым Кавказым зыщигъэпсэхуну зэригуапэм хуэдэ дыдэу а щІыналъэм инвестицэхэр и гуапэу зэрыхилъхьэным хуэнэтІыным», - и псальэм и кІэухэу жиІащ Урысейм и Премьер-министрым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэралым фІыщІэ яхуещІ

КІуэкІуэ Казбек игъэлъэпІахэм ящыщщ Жылау Сафудин.

Урысейм и Махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унэм щагъэлъэпІащ щІыналъэм и зыужьыныгъэм зи щІэныгъэрэ зэфІэкІрэ хэзылъхьа, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм екъулІэныгъэфІхэр щызыгъэлъэгъуа цІыху гуащІафІэхэр.

ЗИ ЦІЭ къраІуахэм яхэтащ Урысей Федерацэм и Президентым къыбгъэдэкІ къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфащахэри, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» дамыгъэхэр, цІэ лъапІэхэр, фІыщІэгуапэ тхьилъэр зратахэри.

«Нобэрей махуэм зэрепх, фІэкІыпІэ имыІэуи зэрешалІэ, - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, - зи лъахэр фІыуэ зыльлагъу, щалъхуа хэкум и тхыдэм пщІэ хуэзыщІ, абы и зыужьыныгъэм зи гуащІэр хэзылъхьэ дэтхэнэ цІыхури. Шэч хэлъкъым, ди псэукІэр ефІэкІуэныр, ди щыІэныгъэр нэхъыфІ хъуныр зэлъытар цІыху лэжьакІуэр арауэ зэрыщытым. Кьыхэздэкіа илъэс хьэлъэр зыльэмыІэса щагъуэ къытхэткъым, абы и яГъэ зэмыкІа Іэнатіи щыІэу къыщІэкІынкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, дэ тхуэзфІэкІащ лэжьыгъэу едгъэкІуэкІын къыщІэхуи имыІэу ипэкІэ дгъэкІуэтэн, ар къыщыгъэнаУэ, ехьулІэныгъэфІхэри зыІэрыдгъэхьэн. Узыфэ бзаджэм цІыхур игъэгужьеями, я псэ хьэлэлагъым хэщІакъым, гущІэгъэмрэ гулъытэмрэ кІуэда-кым, жыджэрагъми щІичакъым. Нэхъри дыхэдефІэкІуэну си гуапэщ».

КІуэкІуэ Казбек щхьэхуэу къыхигъэщащ гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я лэжьакІуэу ди щІыналъэм исхэр. «Фи лІыгъэм и инагъыр къэлытэгъуейщ, - къыхигъэщащ абы, - ар зэрыпшэчын пщалъи щыІэу фІэщъхьгъуейщ. Дунейр зэщІэзыщта узыфэм цІыхур къыщигъэгъуэхэм, фэ бырсыр лей къыхэвмыгъэкІыу, зэпІэззэрыту фи Іуэху фщІэжащ, щІэгъэкъуэн хуэныкъуэм фалъэІэсу, гулъытэр зэмэщІэкІым хуэвгъэфащэу. Зэман бзаджэм фыпэщІэувауэ икІи фыкІеІуауэ жыпІэмэ пцІы хъунукъым. Сыхуейт дэтхэнэ зы гъэсакІуэми егъэджакІуэми фІыщІэ мыухыжыр яхуэсщІыну, я зэфІэкІымрэ я лъэкІыныгъэмрэ нэхъри зиІэту псэуну».

КЪБР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ яхуищІащ махуэщІым ирихьэлІэу зи цІэ кьраІуа къегъэлажьэхэм, щэнхабзэм, щІэныгъэм, гуъэджэм епха Іэнатіэхэм я Іэщагъэлъэхэм, жылагъуэ лэжьакІуэхэм, гъэзэщІхэм, инженерхэм, къэрал къулыкъущІхэм.

Апхуэдэу, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и етІуанэ нагъыщэр хуагъэфащэу зи цІэ къраІуахэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм радиомрэ телевиденэмрэ я нэтынхэр къэзыт центрым» и унафэщІ **Жылау Сафудинрэ** «КЪБР-м радиомрэ телевиденэмрэ я нэтынхэр къэзыт центрым» нэтынхэр къызэрат Іэмалхэр зэзыгъэпэщыжь икІи зэзыгъэзахуэ гупым и инженер **Багъэтыр Къантемырэ**.

Дин зэгурыІуэныгъэр хъумэным, лъэпкъ зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным, щІэблэр гъэсэным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэ лэжьыгъэм папщІэ КЪБР-м и Мусльымэнхэм я Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ Дзасэжь Хьэзрэталий «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр кьратыжащ.

ИрагъэкІуэкІ лэжьыгъэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къыщыгъэнаУэ, хамэ щІыпІэ куэдым къыщацІыхуа, ди щІыналъэм и цІэр фІыкІэ жыжьэ зыгъэІуахэм ящыщт Іэнатіэ зэхуэмыдэхэмкІэ КЪБР-м щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ цІэр зратахэр. Абыхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ суратыщІ» цІэр зыхуагъэфащэ **ГъущІапщэ Арсен**, «КЪБР-м щІыхь зиІэ артист» цІэ лъапІэр зыфІащэ уэрэджьІакІуэ **Бэрбэч Аскэр**, «КЪБР-м гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ лэжьакІуэ» цІэр зрата композитор **Хьэлупэ Андзор**, «КЪБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ» хъуа, Ислъэмей кьуажэ дзт 1-нэ курыт еджапІэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ **Шыгъэлыгъуэ Фиэз**, «КЪБР-м мэкъумэш Іэнатіэмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр зрата, УФ-м Псэушхьэ икІи къэкІыгъэм къапкърыкІ шынагъэр къэмыгъэхъунымкІэ санитар кІэлъыплъакІуэ къулыкъущІапІэм КЪБР-м щиІэ референт центрым и унафэщІ **Сэхъуокъуэ Хьэутий**, нэгъуэщІхэри.

«Фэ фщыщ дэтхэнэри зэрыгуащІафІэм къищынэмыщІауэ, псэемыблэжщ. Фи екъулІэныгъэхэр инщ, фыкъэзыщІыху, кьывдэлажьэ, фи хьыбар зэхэзыхахэм дежкІэ фи гуащІэри щапхъэщ. Фи лэжьыгъэм фыхуэпэжщ, ди къэкІуэнури дахэ зыщІыр фэ фхуэдэ цІыху гу кьабзэ - псэ хьэлэлхэрщ», - жиІащ и гуапэу КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

Махуэщ Іым хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ КъуэдзокъуэМухьэмэд, Урысей Федерацэм и Президентым Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм щыІэ и ІыкІуэм егъэщІылІауэ КЪБР-м и инспектор нэхъыщхьэ Мэмбауэ Тимур, министрэмрэ къэрал къулыкъущІхэмрэ, щІыпІэхэм унафэр щызехьэныкІэ щыІэ Іуэхущ Іапіэхэм я унафэщІхэр.

ШУРДЫМ Динэ.



♦Адэм и махуэр щагъэлъапІэ дунейм и къэрал куэдым

♦Африкэ Ипщэм щыщ лъэпкъхэу зи щхьэхуитыныгъэм щІэбэнхэр дэІыгъным и дунейпсо махуэщ

♦Африкэм щыщ сабийм и дунейпсо махуэщ

♦ЮАР-м щагъэлъапІэ ЩІалэгъуалэм я махуэр

♦1822 гъэм Санкт-Петербург къыщызэІуахащ циркым папщІэ яуха ягъэ унэр.

♦1894 гъэм Пьер де Кубертен и жэрдэмкІэ зэхуаІэщэсащ Олимп джэгуэр къэуБлжьыным унафэ тещІыхьыным тэуха конгресс.

♦1903 гъэм Форд Генри США-м къыщызэригъэпэщащ «Форд Мотор» автомобиль компаниер.

♦1921 гъэм Аджарие АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦1925 гъэм тенджыз ФІыцІэ Іуфэм, Гурзуф щІыпІэм деж, къыщызэІуахащ «Артек» сабий лагерыр. ИужькІэ ар хъуащ Совет Союзым и пионерхэм я зыгъэпсэхупІэ нэхъыщхьэ.

♦1959 гъэм, зэрагъэпэщыжкри, Москва къыщызэІуахьжащ СССР-м и ВДНХ-р - цІыхубэ хозяйствэм и ехъулІэныгъэхэр щагъэлъагъуэ унэр.

♦1963 гъэм дунейм щыяпэу цІыхубэ хъэршым пІащ. Ар совет космонавт Терешковэ Валентинэт - «Восток-6» кхъухьм ису хъэршым кІуат.

♦1992 гъэм Урысейр Дунейпсо банкым хьыхащ.

♦1995 гъэм Дунейпсо олимп комитетым къыхихащ 2002 гъэм щыкІа зиІэ Олимп джэгуэр щрагъэкІуэкІыну щыпІэр. Апхуэдэ пщІэр лъагъэсауэ щытащ США-м и Солт-Лейк-Сити къалэм.

♦1996 гъэм Урысейм президент хэхыныгъэхэр щекІуэкІащ, ауэ а махуэм зэхэкІатэкъым а къулыкъур нэхъ зыхуэфащэр. Бадзэуэгъуэм и 3-м екІуэкІа етІуанэ Іыхьэм щызэпэщІэтащ Ельцин Борисрэ Зюганов Геннадийрэ. Іэ зыІэта псоми я процент 50-м щІигъум я дзыхь ираГъэзэри, Урысейм и Президентэу Ельцин Борис.

♦Совет дзэ къулыкъущІэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым и ЛІыхъжь, Югославиемрэ Болгариемрэ я ЛІыхъжь, «ТеткІуэныгъэ» орденыр зрата **Толбухин Фёдор** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь **Хьэжмэт Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКЪМУ-м и профессор **Къумахуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Совет фигурист цІэрыІуэ, Олимп Джэгуэм тІэныфІ-рэ я чемпион хуэ **Зайцев Александр** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ, Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэу, финансхэмкІэ министру щыта, нэгъуэщІ къулыкъухэми пэрыта, 2011 гъэм къыщыщІэдзауэ «Роснано» ОАО-м и унафэщІ **Чубайс Анатолий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзыр **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

КІуэкІуэ Казбек хэтащ Бахъсэн къалэм и паркыр къыщызэІуахым

Урысейм и Махуэм, мэкъуауэгъуэм и 12-м Бахъсэн къалэ округым и Мамырыгъэ паркыр къыщызэІуахым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. А дауэдапщэм хиубыдэу мы щІыпІэм къыщызэІуахащ Бахъсэн щІыналъэм щыщхэу Совет Союзым и ЛІыхъжь Левченкэ Василий, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь Щауэ Іэхьед сымэ я фэеплъхэр.

«ДИ КЪЭРАЛЫМ, ди республикэм щыпсэу дэтхэнэ зыри зэрыгушхуэн иІэщ. Апхуэдэ Іуэхухэм ящыщщ ди адэшхуэхэр дунейр зауэ лыгъэм хэзыдза фашистхэм зэратекІуар, зауэм зэтрикъута къэралыр зэрызэфІагъэувэжар. Я лІыхъжьыгъэкІэ, псэемыблэж лэжьыгъэкІэ ди нобэр къызэзыгъэпэщахэм, ди сабийхэм я къэкІуэнур зыубзыхуахэм я фэеплъыр мыкІуэдыжынщ. Дэ ди къалэнщ ди нэхъыжьхэм я фэеплъыр тхуэмэну икІи къыкІэлъыкІуэ щІэблэхэм я деж нэтхьэсыну. Апхуэдэ хабзэр ди республикэм щыхъуна зэрыхъунум шэч кІытесхэркъым», - ЛІыхъужьхэм я фэеплъыр къыщызэІуахьи къалэдэсхэм яхуэгъэзауэ жиІащ КІуэкІуэ Казбек. Республикэм и Іэтащхьэм апхуэдэу къыхигъэщхьэхукІащ комплексыщІэ къызэрэпэщыным къалэдэс псоми яхуэзэфІэкІ зэрыхащІыхьар.

Паркымрэ абы щагъэува фэеплъхэмрэ къыщызэІуахым хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолий, Бахъсэн къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ советым и депутатхэр, Іуэхущ Іапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэхэр, къалэдэсхэр.

ПаркыщІэм Бахъсэн къалэмрэ Іуащхьэмахуэ районымрэ я футбол командэхэр щызэпеуаг, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм концерт щагъэлъэгъуащ.

Мы зыгъэпсэхупІэр зэтегъэувэным муниципалитетыр ильэс зыбжанэкІэ елэжьащ. 2019 гъэм муниципалитетыр щытекІуащ «Къалэ мыинхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиІэ жылагъуэхэмрэ зэІуэпэщ щыныр» урысейпсо конкурсым икІи абы папщІэ сом мелуан 85-рэ къратащ. А ахъшэр трагъэкІуэдащ къалэ паркыр къызэгъэпэщыным пыщІа ятІэ лэжьыгъэхэм. Къалэдэсхэми жыджэрагъыщхуэ къагъэлъэгъуащ, псалъэкІи ІуэхукІи администрацэм зыщІагъэкъуащ. Абыхэм кхыхалъхьа псори къалъытащ проектыр щагъэхьэзырым. А щІыкІэм тету зэман кІэщІым къагъэщІэрэщІэжащ бгынэжауэ щыта щІыпІэр. Абы жыг мин щыхасащ, гуэл къыщызэрагъэпэщащ, щІыхухэм къыщыкІуэныну гъуэгуэр хашащ, тетІысхьэпІэхэр игъэуващ. ЩІалэгъуалэм папщІэ джэгупІэ зэмылІэужьыгъуэхэр ящІащ. Тренажёрхэр ягъэуващ. Нэхъыкьхэм я зэманыр щагъакІуэ хъунущ шахмат, шашкэ джэгупІэм. ЩІыхухэм шынагъэншагъэ яІэн папщІэ щІыпІэ куэдым видеокамерэхэр щагъэуващ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Хъыбарегъащ Іэ

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

Пщ Іэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2021 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щ Іыхуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щ ыщІадз эзаным щІ ндзащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - бадзэуэгъуэм (июлым) къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щ ыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ Іапі эми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 698-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъэкІэ цІыхухэр зэдпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Беим и хьэ удз ехъу.

Гъуэгу тэмэм зэрытрагъэувэж щIыкIэр

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и КъэпщытакIуэ советым и зэIущIэ мэкъуауэгъуэм и 10-м КЪР-м и Правительствэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ КЪР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм политикэ кIуэцI IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI Къуэжей Артём, КЪР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжыныгъэмкIэ и министр Асанов Алим, КЪР-м и ХэхакIуэкI комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав, Тезырхэр зытралъхьахэм егъэпшынынымкIэ федеральнэ къупымкъущIапIэм и управленэу КЪР-м щыIэм и унафэщI Лыхъ Аслъэн, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КЪР-м щыIэм и жылагъуэ дэIэпыкъуэгъуэу къалэ округэм щылажьэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КЪР-м щыIэ **Зумакулов Борис** жиIащ 2020 гъэм коронавирусым зэрызиубгъуам къыхэкIыу КъэпщытакIуэ советым и зэIущIэ куэд щIауэ зэрямырыгъэкIуэкIар икIи а къэрфэм и зэранкIэ Iуэхущапlэм и лIыкIуэхэм ящыщу дунейм ехыжахэм къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ яхуэщыгъуэну елъэIуащ.

Зумакуловым зэIущIэм къыщызэщIикъуэжащ Урысейм ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу советым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр. Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ лъэхъуащхэм къыкIыжахэмрэ суд зытращыхьахэмрэ гъащIэм хэгъэзэгъэжьынымкIэ советым накъыгъэм и 19 - 20-хэм Краснаярск кьалэм щыригъэкIуэкIа зэхуэсым кьалэм зыщыхуагъэувыжахэр гъэзэщIынымкIэ тенхуэяуэ ялажьыпхъэхэм. Абы жиIащ а зэIущIэр ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ федеральнэ уполномоченнэ Москальковэ Татьянэ зэрыригъэкIуэкIар.

- ЗэIущIэм къыщаIэта ныкъуасанагъэхэр цIыхум дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщу, сыту жыпIэмэ ягъэжьауэщIэхэр ягъэтIыса нэужь, нэхъыбэм я унагъэр яфIокIуэд, зыхэта лэжьакIуэ гупхэм пыщIэныгъэ хуаIэжкъым, уеблэмэ унэ, дэфтэрхэр ямыIэжу кьани яхэтщ. Аращи, ахэр щхьэхуит хьужа нэужь, гъащIэм хэмызэгъэжу, щIэрыщIэу щIэпхъаджагъэ ялажь, нэгъуэщI хэкIыпIэ ямыIагъуу. Абы и лIэныкъуэкIэ щыIалъэ зыбжанэм, псом хуэмыдэу Краснаярск крайм, я Iуэху бгъэдыхьэкIэм щапхъэ тепх хьунущ. Краснаярск крайм Социальнэ политикэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту кьыззэрагъэпэщащ хутыкъуауэ щытахэр гъащIэм хэгъэзэгъажьынымкIэ дэIэпыкъуэгъу центрхэр (бюджетым къыхэкI ахъшэ хухихыу). Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и мыхьэнэр нэрылъагъу ящI бжыгъэхэм: къэралыр кьапщтэмкIэ, лъэхъуэщхэм исахэм ящыщу процент 30-р аргуэру ялэжьа щIэпхъаджагъэм къыхэкIыу ягъэтIысыжмэ, Краснаярск щIыналъэм апхуэдэхэр процент 6-м щыщIидзэ хуэхъунущ.

Зумакулов Борис къыхигъэщащ щхьэхуит ящIыжахэр гъащIэм хэгъэзэгъэжьыным епха гугъуехьхэр Къэбэрдей-Балъкъэрми зэрыщIэIэр. 2021 гъэм гъатхэпэм и 31-м иритхьэлIэу тезыр зрагъэпшынахэм ящыщу учётым щытхэр республикэм 2218-рэ щохъу.

- КЪР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм епхауэ, дэхущхэм я гъащIэр егъэфIэкIуэжынымкIэ Iуэхущапlэхэр къызэIуихым щыIалъэ зыбжанэм, псом хуэмыдэу Краснаярск крайм, я Iуэху бгъэдыхьэкIэм щапхъэ тепх хьунущ. Краснаярск крайм Социальнэ политикэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту къызэрагъэпэщащ хутыкъуауэ щытахэр гъащIэм хэгъэзэгъажьынымкIэ дэIэпыкъуэгъу центрхэр (бюджетым къыхэкI ахъшэ хухихыу). Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и мыхьэнэр нэрылъагъу ящI бжыгъэхэм: къэралыр кьапщтэмкIэ, лъэхъуэщхэм исахэм ящыщу процент 30-р аргуэру ялэжьа щIэпхъаджагъэм къыхэкIыу ягъэтIысыжмэ, Краснаярск щIыналъэм апхуэдэхэр процент 6-м щыщIидзэ хуэхъунущ.

Зумакулов Борис къыхигъэщащ щхьэхуит ящIыжахэр гъащIэм хэгъэзэгъэж

*Кавказ щIыналъэм 1763 гъэм къыщылыду илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэм ди лъэпкъым къыщыхьаруэ щыта бэлыхьхэмрэ гугъуехьхэмрэ, щэшIэныгъэ инхэмрэ насыпышагъэшхуэмрэ адыгэхэм зэи тщыгъупщэнукъым. Урысей пащтыхьыгъуэм ди щIыналъэ дахэм щригъэкIуэкIа зауэ политикэм къытхуихьащ лъапсэрыхьыр. Ди лъэпкъым къыкIэлыыпэрахьа леймрэ залымыгъэмрэ я лъэужьыщ адыгэхэм тщыщ куэд, нобэ дунейм щызэбгрыдза зэрыхъуар. Лъэпкъ тхыдэм щыщ а напэкIуэцI фIыщIэм, куэд-мащIэми, щыгъуазэ, Хэкум теухуа хъыбархэр я адэхэм, нэхъыжьхэм я нэпсыр къекIуэу зэгуэр къызыжраIэжа щIэблэхэр, шэч хэмылъу, щIохъуэпсе адэжь щIыналъэм къагъэзэжыну, абы и щIыгум тету и хьэуа къабзэмкIэ, IэфIымкIэ хуиту бгуэну.

*А лъыгъажэр зэрыухрэ илъэси 157-рэ дэкIа пэтми, зыкIи нэхъ кIащхъэ хъуакъым Урыс-Кавказ илъэсищ зауэм кърикIуа хьэзабыр адыгэпсэм ноби зэрызыхищIэр. Абы и щыхьэтщ ди нэхъыжьыфI Абеикъуэ Шухьэиб Мэзан и къуэм и гъащIэр. Хамэщ1ыр псэунIэ зыхуэхъуа истамбылакIуэхэм къащIэхъуа бынщ ар. Адэжь хэкум щыпсэуныр зи хьуэпсатIэ нэхъыщхьэ дыдэрэ гъащIэм джэлэсу псэуа Шухьэиб а гурыIь IэфIыр ззэшIэхъуIэу нахуанIэ япэу зыщыфа адыгэхэм ящыщщ. Ди щIыналъэм къызэригъэзэжра илъэс 50-м нэсами, езым зэрыжиIэмкIэ, иджыри зэгъэнщIакъым фIыуэ илъагъу хэкумкIэ. «ИкIута из хъужыркъым», - жиIащ пасэрейм. Адыгэм и бын псэ къабзэр ноби хуэнэхъуеиншэщ ди къурш уардэхэм, тафэ хуитышхуэхэм, псы уэрэхэм, лъахэрыс цIыхухэм - ХэКIу псалъэм къызэщIиубыдэ псоми. Зи ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 85-рэ ирикъу тхьэмадэм и гъащIэм, щыпсэуа щIыпIэм елъытауэ, ипэрэ иужьу егуэш. И гъащIэм щыщ дахэхэр Iыхьэми щытепсэлъыхьхкIэ, абы и гур къызэфIонэ, и нэхэм нэпс къыфIыщIокI. Ар гурыIуэгъуэщ, атIэми хамэщI щихьа илъэсхэр игу къащигъэкIыжкIэ, къыпфIощI а дадэм и нэхэм къащIэж нэпсыр нэхъ шыугъэу, гущIэу, пщтыру щыту, епсэлъыпIэми и гур кърасыкI абыхэм. И хэкум зэрыщыпсэум щытепсэлъыхькIэ, ахэр гуфIэ нэпс щабэхэм, къабзэхэм хуокIуэж, къыдигъэззэжа щIыпIэми лъэпощхьэпо куэд щыIууами. Ауэ, «жэм лъакъуэ шкIэ иукIырхъым», и гур куэдрэ зыкуеIам и псэр къихьэсыжащи, псоми щогуфIыкI, ихьурея-гъыр дапщэщи и щIэщыгъуэщ.

Нэхъыжьыфlым и махуэщхуэ илъэ къихуэу зыхуэдгъэзащ, и гъащIэ гъэзэгуанэм иридгъэплъэжыну, лъэпкъым и зыужьыныгъэм ехъа и гупсысэхэмрэ гукъеуэхэмрэ дыщIэдэIумэ тфIэигъуэу.



Гур кIуэдмэ, шыр жэркъым

- Апхуэдизрэ зяужь уита Iуэхугъуэр дауэрэ зэбгъэхъуIэфа-тIэ, Шу-жыну фIыгъуэшхуэ гуэрым пIэщIэ зэрыхъуэм къытрагъэуа мыхъур хьэлъэм и лъэужьыр. Сэ сыкъэкIуэжыну сызэрыхуейр нахуэу къыздимыIыгъми, шэч хэлътэхьэм: ар щэхуу абы иригъфIэрт, иригушэрт. Хэт ищIэрэ, «силъ зыщIэт гуэр адэжь щIыналъэм щеувэжащ, ари куэд и уасэщ си деIкIэ», жиIэу пIэрэт?..

А псоми нэхъ быдзж ящIащ си хъуэпсапIэр. Ди адэшхуэ-анэшхуэр, си адэр дунейм ехыжа нэужь, сэ си гуГъащ ди анэр къызэрэсщтэу хэкужьым сыкъэкIуэжыну. Ар Насыпхэ япхъут. И цIэр Мусльимэтт. Лъэпкъкlэ ахэр Анзорей щыщт. Си ныбжьыр нэсами (илъэс 30-м сынэблагъат), унагъуэ сухуэныи сыхущIэкъуртэкъым: сыхуейт гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ а Iуэхугъуэр си лъахэм сису, си лъэпкъым саэхэсу къесхьэжьэну.

Хэкум сыкъызэрыкIуэжын Iэмалхэр къэзыгъэкIрэ яужь сихьащ а Iуэхум - къызэхъулIэртэкъым. Ауэрэ си анэр нэхъ сымаджэ къэхъуащ икIи къызэлъIэуащ езыр псэу щIыкIэ щхьэгъусэ ззэгъэгъуэтыну. А тхьэмыщкIэм и лъэIур згъэззэщIащ. Ар зригъэлъагъуу и псэр тыншыжыным ежьэ хуэдэ, мазищ къудейщ ар абы и ужькIэ зэрысхуэпсэужар...

СыкъэкIуэжыну сиIэ зэрыхъуэм къуекIуэхэмрэ Iэмал къэкIуэкIауэ. Си Къэбэрдейм и щIыIэри и хуабэри, и гъэпсыкIэ щабэри - псори сысейт, гуэхьпIэ имыIэу...

«Сэжьэжьыну сыхьэзырщ», - жысIэу консулым деж сыщыкIуэм, Тхьэм и фIыщIэкIэ, абы къызжиIащ къхъулъатэм езым и щхьэкIэ сызэрыригъэтIысхьэжьынур. Апхуэдэуи ищIащ: Иорданием и паспортымкIэ къхъулъатэм дыкъригъэтIысхьэжщ, езыри тралым къэкIуэтIэнэдэкIуейри, СССР-м дызэрызэжьыну тхылъхэр къыдитыжащ щыми: сэри, си цыхьэгъэсми, илъэси 3 си ныбжь ди хъыджэбз цIыкIу Тамарэ сымэ.

Кхъухьлъатэм уафэгум зэрызыщIэтым щыдэкIуэу, сигури хэхъуэу къыщыхьэрт, си бгъэчым имыхуэжу. Сэ нэхъэр нэхъ насыпифIэ уафэмрэ щIылъэмрэ яку къызэрыщамылъхуам щэч лъэпкъ хэлъэтхьэм!

Ереван дек щыбгъэщIтIысэри, адэкIэ Минводы дыкъэсэжащ. Сэ сяпэ иту къэкIуэжахэм яхэтт си ныбжьэгъуи, абы дыкъригъэблагъэжащ, Исльэмей дэса ди нэхъыжьым и деж дыкъишэжащ. ИужькIэ республикэм и унафэщIэхэр къызэуплIат дэнэ жылэ сыщыпсэуну нэхъ хъасщтэми, сыт хуэдэ Iэнатlэ къысхуалъхьэхьэну сыхуейми. «Уэсрэ уэшхрэ къыщыттемышэнэрэ быным езгъэшхын щIакхъуэ Iыхьэ къыщыщIлэжьыфын Iэнатlэрэ сиIэмэ, нэгъуэщI зыри сыхуейкъым», - арат си жуаупр. Си дежкIэ куэд и уасэт адыгэщIым сытету, абы и хьэуамкIэ сыбауэу, си лъэпкъым сахэту, адыгэбзэр зэхэсхуу сыпсэуныр.

Тхьэм и фIыщIэкIэ, лэжьапIэ Iэнатlи къысхуагъуэтащ, псэупIэ уни къыдаташ. Аэрри иужькIэ едгъэфIэкIуащ. СощIэж: Хьэфhыщ1э Мухьэмэд, дзэм къулыкъу щищIэу, лъагъунлъагъу къэкIуэжати, я деж мыкIуэжу си унэм къеблагъэауэ щытащ. Абы и фIыгъэкIэ аргуэру ди Iуэхур ефIэкIуауэ щытащ. Ди псэупIэри нэхъыфI хъуат, Бахьсэн дэта «Лимб» заводми Iэнатlэщ1э къыщысхуагъэтауэ щытащ. Абы сыщылэжьащ илъэс куэдкIэ. ИужькIэ пенсэ сыкIуащ.

Хьарзыныгу сопсэу. ХъыджэбзитI къытщIэхъуащ унагъуэм: Тамарэрэ Мусльимэтрэ (си анэм и фэеплъ фIэсщащ). Абыхэм я щIэбли, Тхьэм и фIыщIэкIэ, тлъэгъуащ. Пхъурылъхуу сабиитIрэ (Амирэрэ Динэрэ) абыхэм къалъхужаяу щIыкIуищрэ (Айдэмыр, Аминат, Алий сымэ) диIэщ нобэ, хэти школакIуэщ, къалъхуагъащIи яхэтщ, Тхьэм и фIыщIэкIэ.

Хэкури анэри зыщ цIыхум и дежкIэ

- А цIыкIухэм я фIыгъуэ куэд Тхьэм ухигъаплъэ. Шухьэиб. Уэ зэпычащ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIа гъащIэ гъуэгуанэ. Уи илъэс-хэм щарилльэжмэ, сытыт абы нэхъыщхьэ дыдэу хэлъауэ, и купщIэу щытауэ къэплъытэр?

- ЩIалэгъуэ ныбжьым сызэрит лъандэрэ зихъуэжакъым абыкIэ сиIа епГъыкIэм: Хэку уиIэныгъ гъащIэм щынэхъыщхьэ дыдэр! Сабийр зеинщэкъым, адэ имыIэжми. Абы зеинщафэ къыщытеуэр и анэр къыщыщхьэщымытыжым дежщ. Хэкури анэри зыщ цIыхум и дежкIэ. Уи анэм и куэдщ щабэ уису уэзэрипIэм хуэдэ дыдэу, Iэфщ уи адэжь лъахэ ущыпсэунри. Балигъ ухъуа нэужь, ухъэзылъхуа уи анэм уэзрыхуэсакъым хуэдэу, укъыщхьэщыжыфын хуейщ уи Хэкуми. Узыхуей ущыхуэмызи кхъухьу, нэхъыфI щыхъужри мащIэкъым: ар гъащIэщ.**

Сыт хуэдэ гугъуехьи гуауи згъэзваи, си жьышхьэ сынасыпыфIэу зызолъытэж. Си хэку згъэзытыжащ, си анэдэлъхубзэмкIэ хуиту сопсалъэ, си щIэблэми Iэмал естыфащ адэжь хэкукIэ гуныкъуэгъуэ ямыIэу, я щхьэр лъагэу Iэтауэ, хамэм зыхуамыгъэщхьэиу псэуну. А фIыгъуэхэм уахуэмыныкъуауэ абыхэм я уасэр къыбгурымыуэнкIи мэхъу, атIэми хэти и фIэщ ирещI мыр: псом нэхърэ нэхъыщхьэр лъэпкъ, къупщхьэ уиIэу, уи бзэ, уи хабзэ, уи нэмыс пIыгъыжу дунейм утетынырщ. «Мыгъкур уэсэпсы», - жиIащ пасэрейм. Абы гъащIэр тепщIыхь хъунукъым.

Сэ си ныбжьыр здынэсам, ноби срикъуакъым ди лъахэм сызэрыщыпсэуамкIэ, абы щыслъагъу псори: цIыхухэри, щIыуэпсри, ди уафэри, ди щIылъэри - нобэ япэу слъагъум хуэдэу си псэм къыщохъу. Адыгэм и дежкIэ ахэр фIыгъуэ мыльытэщ!

- Куэдрэ дяпэ уитыну, Шухьэиб. Уи быным, абыхэм яхэщIащ Iуэхуэ щIэблэм я нэсыну куэд плъагъуну, узынщIэу ущыхьэщыпыну ди гуапэщ. Уи псэм хэлъ адэжь хэкум Тхьэм гу щыуигъахуэ. Хэку-анэм и куэщIым си псэр изылъхьэжахэм я нэхъыжь уэ тхьэмадэм хэпша лъагъуэр адрей хэжьрэтхэм гъэгу бгъуфIэ Тхьэм яхуищI.

Епсэльар **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

АБЕИКЪУЭ Шухьэиб:

ХЭКУ псалъэм и мыхьэнэр абрагъуэщ

● ДифI догъэлъапIэ

- Шухьэиб, уэ уащыщщ Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм гуэвэгъуэ къызылъэIэсу бэлыхь куэд зыгъэва ди лъэпкъым къыщIэхъуа щIэблэ минхэм. Фи лъэпкъым и нэхъыжьхэм сытхэр я икIыкIэу ябгынат Хэкур?

- Дэ лъэпкъкIэ Исльэмей дыщыщщ. Си адэ Мэзан хэкужьым хыхьэ Исльэмей къыщалъхуащ. ПIэщIыгъэ блэкIам и пэщIэдзэ дыдэхэм нэхъ пасэнкIи хъунущ ар къыщыхъуар) си адэшхуэ Абеикъуэ Мухьэмэдэр абы и шынэхъыщIэмрэ я унагъуэхэр я гъусэу хэкум икIащ. А лъэхъэнэм зауэр зэрыуеIыфэри куэд дэкIат, ауэ цIыхур иджыри гуитIщхьитI, я къэкIуэнумрэ зэрыс хъуа къэралым щызэкIуэ хабзэхэмрэ яхуэзхуэмызыкIыкIуэу, зэрахьэ диныр зэрахъуэмэным тегужьеикIаРэ къэзыдзуа лъэпкъыщхьэм и цIыхухэм яIэ фIэщхъуныгъэм залымыгъэкIэ бэр зэщIрагъэщтэным щыщтэу. Нэхъыжьхэм жаIэжу зэрыщытамкIэ, си адэшхуэри абы и къуэшри а щхьэусыгъуэрат хэкум щIикIар. Хьэжыщ1 кIуэ щыкIэу лъахэр ябгынащ, къызэрамыгъэззэжынур хьэкъыуэ япхыкIауэ.

Си адэшхуэм и къуиплIыр, си адэшхуэм и къуэшым и зы къуэр, я щхьэгъусэхэр я гъусэу гъуэгу теуват ахэр. Зы илъэскъым икIи илъэситIкъым гъуэгу зэрытетар. Иорданием щынэсар 1905 гъэрщ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, хэщIыныгъэ ямыIэу, уеблэмэ гъуэгум иджыри зы щIалэ си адэшхуэм къыхуалъхуаэ нэсащ ахэр псэупIэ яхуэхъуа щIыпIэм. Абы щыгъуэ си адэм и ныбжьыр илъэс 13 - 15-хэм нэсат.

Апхуэдэу адэжь хэкур Iэщ1ыб ящIащ Абеикъуэ зэкъуэшитIым. Тыркум ди деж щригъэкIуэкIа политикэм къытхуихьащ ар. А къэралыр бгырысхэм къыщIытхуейр гъащIэ дахэ, тынш къытпагъаплъэу, фIыуэ дыкъалъагъуу аратэкъым, атIэ хахуагъэшхуэрэ лIыгъэ инкIэ зи цIэр Iуа адыгэ щIалэхэр къагъэсэбэпурэ Балкан ыгъ1ыгуныкъуэм хиубыдэ къэралхэр лъэгуащIэт ищIыну арат. Бгырысым хэкур нэгъуэщI пхуегъэбгынэнэтэкъым, ди лъэпкъым и пащтыхьхэр зэрыщIэкIа хабзэр, ди адыгэбзэр фIыгъуэ инхэу тхуахъуэмэну, унагъуэхэм кхихьуэ бынхэр абыхэм дыщIапIыкIыну. Ерэ фIырэ щыIэхагъэкI ныбжьым сызэрит лъандэрэ зы махуи сщIэжыркъым Къэбэрдеим сыкъэкIуэжыну сыщIэмыхьэуэсауэ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, ар къыщIэхуIащ.

- Ар фIыгъуэшхуэт. Хьэзабрэ бэлыхь куэдкIэ гъэнщIауэ щыта а истамбыл гъуэгужьым ирикIуахэм, шэч хэмылъу, яхэтагъэнкъым уэ пхуэдэу адэжь щIыналъэм гуг икъуэу къыхуемыплъэкIыжа. Адэжь щIыналъэм теухуа хъыбархэм хэт сымэ ущIагъэдэIуэ?

**- ХамэщI сыкъыщалъхуами, си псэр мыбыкIэ кхьIэн зэи щигъэтакъым. А гурыщIэр лъым хэт адэ щIэину къыт-хуэнауэ къыщIэкIынт... Си адэшхуэ Абеикъуэ Мухьэмэд и быныр иПIащ, хэхэс гъащIэм хигъэващ, ауэ зэи ящигъэгъупщакъым хы адрыщIымкIэ Хэкурэ лъэпкърэ зэрыщIэр. Апхуэдэу дэри дыкъигъэхъуащ ди адэм. Хуэмейуэ ирашат а тхьэмыщкIэр. Унагъуэм зызэщIакъуэуэ, я шыгу-выгури зэщIэщIэуэ екъэнэр пэт, Мэзан уэбзэк-щIыбзэк хъащ. Ар къалъхьуауэ щытащ зы жащ-зы махуэкIэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, щIалэ цIыкIур и анэшым, Дыгулъыббгъуей къуажэм Абаззэ, кIуэсауэ абы зыщигъэпщкIыт. Абыхэ къуэ яIэтэкъым, я пхъум и щIалэхэм ящыщ зы къагъэнэну я мурадат, арщхьэкIэ ди адэшхуэм ар идакъым. Си сызэрыщыгъуаззэмкIэ, а зы адэ-анэм къалъхуахэм ящыщу Мэзант Къэбэрдеймкlэ зи псэр къыхуэпабгъэр. Абы быни 6 дриIати: Шэрифэ, Шэхьирэ, Iэдиб, Шыхьбан, Шухьэиб, Башир сымэ - псори дыщIипIыкIащ хэку лъагъуныгъэм, абы нэхърэ нэхъ къару лъэщ псэм зэрыхэмыльым.

Адэжь хэкум теухуауэ ищIэж псори къигубгъыжурэ къыджиIэжырт ди адэм. Сэри сигури си псэри етауэ сыкуащIэкъурт апхуэдэ хъыбар нэхъыбэIуэ абы къызэрыпкъырысхьым. Езыим ар и гуапащэ хъурти, зэман хэхаи имыIэу игу кIыщыщIидрэй дакъикъэм иубгъэрт и хъыбархэр. И ныбжьым теухуауэ куэд имыльэгъуами, щIалэ цIыкIуу хэкур зрагъэбгына Мэзан и гукъэкIыжхэр мащIэтхьэм. Ар тепсэльыхьырт Бахьсэн ауэзыр гъунапкъэншэу къызэрыпщыхьум, щIымахуэм псыр щIыщтым деж, абы зэныбжьэгъуэхэм чын къыщIрахуэкIыу зэрыщIытам, адэкIэмыдэкIэ къыщIкI щхъуантIагъэм хуэдэ адэжь хэкум фIэкIа нэгъуэщI щIыпIэ зэрыщымыIэм, и цIыхухэм хуэдэ зэрыгъэтыгъуейм... Апхуэдэхэм деж сэ къыщыхъурт зэи сымылъэгъуа псыхъэшхуэм мывэ абрагъуэхэм сателъэ-сателкIэу къыщIэжыхьэу, сыщIэхъуэпсырт, си адэм хуэдэу, сэри мыгущIыIум чыныр вууэ къыщIесхуэкIыну, мэракIуащхьэм сытесу ихьуреягъыр къэсплъхьэу, къудамэхэр си хъыринэу сыфIэлъэну... КIысфIэщIырт си адэм зи гугъу къыхсхуиц Iуащхьэмахуэ къыщIэж псынэ щIыIэр зэнэзнэпсу си джкIм ежэхыу, акъужь кхабзэмкIэ тхьэмбылым щIызу сыбауэу... Си щхьэм гупсысэрэ хъуэпсапIэу щIызэблэжым щIэн гъуни яIэтэкъым. Абдеж си гум къыщIышпащ Хэкум Iэмал имыIэу къэзгъэзэн мурадыр. Иджы сызэрыадыгэр сщIэ къудей мыхъуу, ар си гумрэ си псэмрэ, си Iэпкъльэпкъым и лъынтхуэ псоми щыгъэбыдауэ хэлъ лъы налъэт си дежкIэ. А псоми къадэкIуэу гушхуэнIгъэ ин къыхихльъхэрт спкърыльъ хэкупсэ гурыщIэ лъэщым. Адэжь щIыналъэм и тепльэр, ар зэи сымылъэгъуами, пщIыхьым хэмыкIт, нэгум щIэмыкIт.

Ди адэр езыри апхуэдизкIэ щIэхъуэпсырт хэкум къыгъэзэжыну, «лъэс мыгъэми, сыкIуэжынт», жиIэрт. Абы зэи къыжиIакъым хэкум гъэзэж жиIэу. Ар щыгъуазэтэкъым абы щекIуэкI Iуэхугъуэхэм, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, щыщту къыщIэкIынут абы щытепщэу жыхуаIэ Иманыншагъэм. И1ани, Къэбэрдеим щытепсэльыхькIэ, абы и нэгум исльагъуэрт зэи зыльэмыIэсы-хьэиб? «Гур кIуэдмэ, шыр жэркъым», жыхуаIэращи, ди гур имыгъэкIуэду, уи Iуэхур къыбдиIыгъыну хэт сымэ уиIа абы щыгъуэ тегъэщIапIэу, дэIэпыкъуэгъуу?

- Курыт школыр къэзуха нэужь, электроникэмрэ электротехникэмрэ сыкуеджащ сэ. Политикэ Iуэхуми сыдиыхьхащ. Коммунистхэр фIыуэ слъагъуу, а партым хэтхэм я Iуэху епIыыкIэхэр сфIэтэмэгу щыгъ, Иордаием щызэхэт а партым сыхьхьауэ щытащ. Ар нахуэу лжьэну хуиттэкъыми, гъэпщкIуэуэт Iуэхуэхэр зэрызэфIахьыр. ССР-м а лъэхъэнэм коммунистхэм я тетыгъуэ дахэти, абы нрахауэ парт литературэ гуэрхэр къыпIэрыхьэмэ, щэхуу зэIэпытхыурэ щIэдджыкIырт. Совет Союзым, псом хуэмыдэу КавказымникIуэ зыгуэр Иорданием нэкIуамэ, абы нэхърэ нэхъ хьэщIэ лъапIэ ди щIыгум нимыхьауэ къыщIыхьурт. Хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуа адыгэхэм гугъапIэуэ хъуэпсапIэуи дапщэщи яIэр хэкурыскэращ. Дэри арат. «ХэкужьымкIэ къикIащ ар», - зыхужаIэм абы щыщ1ыхьэ гуэр къыт-хуихьа фIэкIа умыщIэну, дигури ди псэри къыхуэзIытхьурт.

ССР-м никIа гупышхуэм яхэту Иорданием 1972 гъэм и бжьыхьэм нэкIуат хэкупсэ нэж, жэнэтыр дунейкIэ къэзыпIэжьа, си гур зымыгъэкIуэду къыздэзыхъума ХьэфIыщIэ Мухьэмэд. ХьэщIэжэр едгъэблэгъат Иорданием щызэхэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм. Iуэхур зыхунумэ, аракъэ... Си сыпэрытIысхьа хъуащ ХьэфIыщIэ Мухьэмэдэр СССР-м и къэрал консулу Иордание пащтыхьгъуэм а лъэхъэнэм щыIамрэ зыпэрыс сызэрисыфын щыIэтэкъым, адэжь лъэхъэм сыкъэкIуэжыну Iэмал къэкIуэкIауэ. Си Къэбэрдеим и щIыIэри и хуабэри, и гъэпсыкIэ щабэри - псори сысейт, гуэхьпIэ имыIэу...

«Сэжьэжьыну сыхьэзырщ», - жысIэу консулым деж сыщыкIуэм, Тхьэм и фIыщIэкIэ, абы къызжиIащ къхъулъатэм езым и щхьэкIэ сызэрыригъэтIысхьэжынур. Апхуэдэуи ищIащ: Иорданием и паспортымкIэ къхъулъатэм дыкъригъэтIысхьэжщ, езыри тралым къэкIуэтIэнэдэкIуейри, СССР-м дызэрызэжыну тхылъхэр къыдитыжащ щыми: сэри, си цыхьэгъэсми, илъэси 3 си ныбжь ди хъыджэбз цIыкIу Тамарэ сымэ.

Кхъухьлъатэм уафэгум зэрызыщIэтым щыдэкIуэу, сигури хэхъуэу къыщыхьэрт, си бгъэчым имыхуэжу. Сэ нэхъэр нэхъ насыпифIэ уафэмрэ щIылъэмрэ яку къызэрыщамылъхуам щэч лъэпкъ хэлъэтхьэм!

Ереван дек щыбгъэщIтIысхьэри, адэкIэ Минводы дыкъэсэжащ. Сэ сяпэ иту къэкIуэжахэм яхэтт си ныбжьэгъуи, абы дыкъригъэблэгъэжащ, Исльэмей дэса ди нэхъыжьым и деж дыкъишэжащ. ИужькIэ республикэм и унафэщIэхэр къызэуплIат дэнэ жылэ сыщыпсэуну нэхъ хъасщтэми, сыт хуэдэ Iэнатlэ къысхуалъхьэхьэну сыхуейми. «Уэсрэ уэшхрэ къыщыттемышэнэрэ быным езгъэшхын щIакхъуэ Iыхьэ къыщыщIлэжьыфын Iэнатlэрэ сиIэмэ, нэгъуэщI зыри сыхуейкъым», - арат си жуаупр. Си дежкIэ куэд и уасэт адыгэщIым сытету, абы и хьэуамкIэ сыбауэу, си лъэпкъым сахэту, адыгэбзэр зэхэсхуу сыпсэуныр.

Тхьэм и фIыщIэкIэ, лэжьапIэ Iэнатlи къысхуагъуэтащ, псэупIэ уни къыдаташ. Аэрри иужькIэ едгъэфIэкIуащ. СощIэж: Хьэфhыщ1э Мухьэмэд, дзэм къулыкъу щищIэу, лъагъунлъагъу къэкIуэжати, я деж мыкIуэжу си унэм къеблэгъауэ щытащ. Абы и фIыгъэкIэ аргуэру ди Iуэхур ефIэкIуауэ щытащ. Ди псэупIэри нэхъыфI хъуат, Бахьсэн дэта «Лимб» заводми Iэнатlэщ1э къыщысхуагъэтауэ щытащ. Абы сыщылэжьащ илъэс куэдкIэ. ИужькIэ пенсэ сыкIуащ.

Хьарзыныгу сопсэу. ХъыджэбзитI къытщIэхъуащ унагъуэм: Тамарэрэ Мусльимэтрэ (си анэм и фэеплъ фIэсщащ). Абыхэм я щIэбли, Тхьэм и фIыщIэкIэ, тлъэгъуащ. Пхъурылъхуу сабиитIрэ (Амирэрэ Динэрэ) абыхэм къалъхужаяу щIыкIуищрэ (Айдэмыр, Аминат, Алий сымэ) диIэщ нобэ, хэти школакIуэщ, къалъхуагъащIи яхэтщ, Тхьэм и фIыщIэкIэ.



И ныбжьэгъуэхэр и гъусэу. *1997 гъэ*

Ипхъухэу Мусльимэтрэ Тамарэрэ.

Аращ и купщIэр «хэкупсэ» псалъэми. Хэкури псэри зы чысэм илъщ, хэкури укъэзылъхуа анэри а зы къуэпсымкIэщ адыгэгъуи зэрыпыщIар. Абыхэм зэхэдз лъэпкъ яIэкъым.

Зауэм и Iэужьу адыгэхэр дунейм щызэбгрыдза, лъэпкъымрэ Хэкумрэ зырыз, зэпэIэщIэ хъуами, ди адэжьхэм лIыгъэ къакъуэкIащ ди лъэпкъ хабзэр, ди адыгэбзэр фIыгъуэ инхэу тхуахъуэмэну, унагъуэхэм кхихьуэ бынхэр абыхэм дыщIапIыкIыну. Ерэ фIырэ щыIэхагъэкI ныбжьым сызэрит лъандэрэ зы махуи сщIэжыркъым Къэбэрдеим сыкъэкIуэжыну сыщIэмыхьэуэсауэ. Тхьэм и фIыщIэкIэ, ар къыхуэхъуIащ.

- Ар фIыгъуэшхуэт. Хьэзабрэ бэлыхь куэдкIэ гъэнщIауэ щыта а истамбыл гъуэгужьым ирикIуахэм, шэч хэмылъу, яхэтагъэнкъым уэ пхуэдэу адэжь щIыналъэм гу икъуэу къыхуемыплъэкIыжа. Адэжь щIыналъэм теухуа хъыбархэм хэт сымэ ущIагъэдэIуэ?

- ХамэщI сыкъыщалъхуами, си псэр мыбыкIэ кхьIэн зэи щигъэтакъым. А гурыщIэр лъым хэт адэ щIэину къыт-хуэнауэ къыщIэкIынт... Си адэшхуэ Абеикъуэ Мухьэмэд и быныр иПIащ, хэхэс гъащIэм хигъэващ, ауэ зэи ящигъэгъупщакъым хы адрыщIымкIэ Хэкурэ лъэпкърэ зэрыщIэр. Апхуэдэу дэри дыкъигъэхъуащ ди адэм. Хуэмейуэ ирашат а тхьэмыщкIэр. Унагъуэм зызэщIакъуэуэ, я шыгу-выгури зэщIэщIэуэ екъэнэр пэт, Мэзан уэбзэк-щIыбзэк хъащ. Ар къалъхьуауэ щытащ зы жащ-зы махуэкIэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, щIалэ цIыкIур и анэшым, Дыгулъыббгъуей къуажэм Абаззэ, кIуэсауэ абы зыщигъэпщкIыт. Абыхэ къуэ яIэтэкъым, я пхъум и щIалэхэм ящыщ зы къагъэнэну я мурадат, арщхьэкIэ ди адэшхуэм ар идакъым. Си сызэрыщыгъуаззэмкIэ, а зы адэ-анэм къалъхуахэм ящыщу Мэзант Къэбэрдеймкlэ зи псэр къыхуэпабгъэр. Абы быни 6 дриIати: Шэрифэ, Шэхьирэ, Iэдиб, Шыхьбан, Шухьэиб, Башир сымэ - псори дыщIипIыкIащ хэку лъагъуныгъэм, абы нэхърэ нэхъ къару лъэщ псэм зэрыхэмыльым.

Адэжь хэкум теухуауэ ищIэж псори къигубгъыжурэ къыджиIэжырт ди адэм. Сэри сигури си псэри етауэ сыкуащIэкъурт апхуэдэ хъыбар нэхъыбэIуэ абы къызэрыпкъырысхьым. Езыим ар и гуапащэ хъурти, зэман хэхаи имыIэу игу кIыщыщIидрэй дакъикъэм иубгъэрт и хъыбархэр. И ныбжьым теухуауэ куэд имыльэгъуами, щIалэ цIыкIуу хэкур зрагъэбгына Мэзан и гукъэкIыжхэр мащIэтхьэм. Ар тепсэльыхьырт Бахьсэн ауэзыр гъунапкъэншэу къызэрыпщыхьум, щIымахуэм псыр щIыщтым деж, абы зэныбжьэгъуэхэм чын къыщIрахуэкIыу зэрыщIытам, адэкIэмыдэкIэ къыщIкI щхъуантIагъэм хуэдэ адэжь хэкум фIэкIа нэгъуэщI щIыпIэ зэрыщымыIэм, и цIыкIухэм хуэдэ зэрыгъэтыгъуейм... Апхуэдэхэм деж сэ къыщыхъурт зэи сымылъэгъуа псыхъэшхуэм мывэ абрагъуэхэм сателъэ-сателкIэу къыщIэжыхьэу, сыщIэхъуэпсырт, си адэм хуэдэу, сэри мыгущIыIум чыныр вууэ къыщIесхуэкIыну, мэракIуащхьэм сытесу ихьуреягъыр къэсплъхьэу, къудамэхэр си хъыринэу сыфIэлъэну... КIысфIэщIырт си адэм зи гугъу къыхсхуиц Iуащхьэмахуэ къыщIэж псынэ щIыIэр зэнэзнэпсу си джкIм ежэхыу, акъужь кхабзэмкIэ тхьэмбылым щIызу сыбауэу... Си щхьэм гупсысэрэ хъуэпсапIэу щIызэблэжым щIэн гъуни яIэтэкъым. Абдеж си гум къыщIышпащ Хэкум Iэмал имыIэу къэзгъэзэн мурадыр. Иджы сызэрыадыгэр сщIэ къудей мыхъуу, ар си гумрэ си псэмрэ, си Iэпкъльэпкъым и лъынтхуэ псоми щыгъэбыдауэ хэлъ лъы налъэт си дежкIэ. А псоми къадэкIуэу гушхуэнIгъэ ин къыхихльъхэрт спкърыльъ хэкупсэ гурыщIэ лъэщым. Адэжь щIыналъэм и тепльэр, ар зэи сымылъэгъуами, пщIыхьым хэмыкIт, нэгум щIэмыкIт.

Ди адэр езыри апхуэдизкIэ щIэхъуэпсырт хэкум къыгъэзэжыну, «лъэс мыгъэми, сыкIуэжынт», жиIэрт. Абы зэи къыжиIакъым хэкум гъэзэж жиIэу. Ар щыгъуазэтэкъым абы щекIуэкI Iуэхугъуэхэм, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, щIыщту къыщIэкIынут абы щытепщэу жыхуаIэ Иманыншагъэм. И1ани, Къэбэрдеим щытепсэльыхькIэ, абы и нэгум исльагъуэрт зэи зыльэмыIэсы-

рыщIауэ адэжь щIыналъэм къытебдзэу укъэкIуэжынри дзыхьщIыгъуэджэт, шэч хэмылъу. Уэсса псэукIэр къызэбгэкIыну нэгъуэщI щIыпIэ, ар адэжь щIыналъэу щытми, гъэщIэр щыIэтебгуужьыныри тыштэкъым. Ауэ, Адэжь хэкум, абы и цIыхуэр дауэрэ къыпIущIат, сыт хуэдэуи къыпщIыхьуат?

- Хэку лъагъуныгъэр гуащIэщ. Дауи, гугъуехьи лъэпощхьэпо куэди цIыхур хуозэ къэрал дэнэ къэна, фэтэр, лэжьапIэ Iэнатlэ щихъэжжкIэ. Абыхэм ящыщ зыгуэри си дежкIэ гугъуехьэгъэкым. Нэхъыщхьэр - си Хэку сыщыпсэуну хуитыныгъэ зэрызиIэрт, си адами, сэри, дэ тхуэдэ хэхэс минхэми диIа хъуэпсапIэр нахуапIэ зэрысхуэхъурт.

Консулым мазитI хуэдизкIэ хьэзыр сыхъуну жесIами, си щIыбагъ къыздэлъ Iуэху псори мазэм къриубыдэу зэIуб сщIащ. А лъэхъэнэм сэ зэгъэлажьэрт электроникэ, электротехникэ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр щащэ тыкуэн. Ди Iуэхур ХьарзынIэу зэтеуватI, щэхуэкIуэхэр ди куэдт. Ахъшэ хъэзыр зи мащIэ щэхуэкIуэжам щIыхьэ естырт хьэпшыпхэр. КъысклъыхьэкIа Iуэхум ипкъ иткIэ, щIыхьэ зытелъэжам захуэзгъэзащ икIи процентхэри яхуэзгъэгъуэрэ ахъшэ къызэзытыжьыфхэм къызатыжащ, сыкъамыгъэщIэхъуэу.

А щIымахуэр мыбыкIэ щыткIиИрт абы щыгъуэ. ЩIыIэр градус 30-м нэсырт. Сызэрежьэжынум и хъыбар зэгъэзыхъэжм «ГъатхэмI укIуэжынщ, мы уаем хьумышIэ абы емыI

Лъэпкъыр зыгъэбжыфIа

● Фэеплъ

**ДЭТХЭНЭ цIыхури къалэн пыухыкIахэр и пщэрылъу дунейм къытохьэ. Я нэхъ гугъур зылъысыр къызыхэкIа лъэпкъым псэкIэ хуэлэжьэныр зи натIэу къиубыдэжьыр. Щэнхабзэм зегъэужьныр, бзэр хъумэныр, лъэпкъым и цIэр фIыкIэ гъэIуныр мытыншми, мылъкурэ щIыхьрэ къыпэкIуэнкIэ уэшцыгуГъэныр щымытми, Iуэху щхьэпэщ, нэхъ къалэн лъапIэ дыдэхэм ящыщ. А «Iэнатlэм» псэемыблэжу пэрытахэм, зи къуэхькIэ, зэчийкIэ лъэпкъыр зыгъэбжыфIахэм я зы пашэщ усакIуэ-уэрэдус, макъамэтх, уэрэджыIакIуэ, пышнауэ Iэзэ, адыгэ макъамэ гъуаздджэм и лъабжьэгъэтIылъ, РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ (1966), РСФСР-м и цIыхубэ артист (1990), Адыгей Республикэм и цIыхубэ артист (1992), 1976 гъэм къыщыщIэдзауэ СССР-м и Композиторхэм я зэгуХэныгъэм хэта Тхьэбысым Умар Хьэщиц и къуэр. Ар 1919 гъэм августым и 16-м Адыгей Республикэм и Кушъхьэблэ куейм къыщыхьащIыкIуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Тамбов дэт, Бэракъ Пльыжь зезыхь дзэ училищэм 1939 - 1941 гъэмэ щеджащ. 1941 гъэм зауэ Iэнатlэм Iухьащ икIи ар иухыхькIэ лIыгъэ зэрихьэу хэтащ. Зэрихьа лIыхъужьныгъэхэр къалъытэри, орденрэ медалу пщыкIэ къыхухагъэфэщащ, абыхэм ящыщщ Багъуэ Пльыжь орденри.

1946 ГъЭМ Тхьэбысым У. Хуэдз дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI ящIащ, абы кьыдэкIуэу, Кушъхьэблэ куейм Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщIуи щытащ. А илъэсхэм абы Iуэрыlуэтэр зэхуихьысыжу, макъамэхэр, уэрэдхэр итхыжу Адыгей, Кьэрэшей-Шэрджэс, Кьэбэрдей-Балъкъэр хэгъэгухэр кьызэкIыхьащ: лъэпкъ уэрэдыжьу мин ныкъуэм щIигъу итхыжащ, нэгъуэщI Iуэрыlуэтэ тхыгъэхэри кьиугъуейжащ.

1952 - 1954 гъэхэм Тхьэбысымыр Римский-Корсаков Н.А. и цIэр зэрихьэу Ленинград дэт консерваториемкIэ щеджащ. А пIалъэм кьриубыдэу абы макъамэмкIэ щIэныгъэ зригъэIэгъуэр, фIыуэ илъагъу Iэщlагъэм нэхъ хуэIэрыхуэу хъуащ. Арщхьэкlэ бынунагъэшхуэ зэриIэм (а лъэхъэнэм бынилл иягъэзыхьэ) къыхэкIкIэ, и хэку къимыгъэзэжу хъуакъым. Еджапlэр кьыгъанэу кьэкIуэжа нэужь, и лэжьыгъэм щыпищащ Кушъхьэблэ куейм Щэнхабзэмкlэ и унэм. ИужькIэ илъэс зэхуэмыдэхэм ар гуп щхьэхуэхэм я солисту, концертмейстеру щытащ, уэрэдыврэ кьафэмкIэ Адыгейм и ансамблым, апхуэдэуи Адыгеймрэ Кьэбэрдей-Балъкъэрымрэ я филармоние- хэм щылэжьащ.

1947 гъэм Тхьэбысым У. я лIэжьыгъэр - «Пщэджьыжьыр куаажэм» жьыхуIэ кьызэрыфэ сюитэр - итхащ. Абы кьыкIэлъыкIуэу дунейм кьытехьащ «Сэлэтым и письмо» (пс. Жэнэ Къ.), «Си Адыгей» (пс. Яхуlэ С.), «Сыт кьэхъуар иджы?» («Сыда кьэхъугъэр джы?»; пс. Жэнэ Къ.), «Мэлыхьуэм и уэрэд» (пс. Пэрэныкъуэ М.), нэгъэущI куэди. «Сэлэтым и письмо» уэрэдыр 1957 гъэм адыгей литературэмрэ гъуэзджэмрэ я махуэхэр Мэзкуу щыщащ-гъэлъапIэм ирихьэлIэу япэу цIыхубэм я пащхьэм щыIуэу щытащ, зэхэзыхахэми гунэс ящыхъуащ.

Тхьэбысым Умар и уэрэд 46-рэ щызэхуэхьэса «Адыгэ уэрэдхэр» («Адыгэ орэдхэр») япэ тхылъыр I960 гъэм Мейкъуапэ кьыщыдэкIащ.

1967 гъэм Тхьэбысымыр Налшык къэIэпхъуэри, Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние и солисту икIи концертмейстеру лэжьащ. А лъэхъэнэхэм абы «Уузышэм, Кавказ» (1968) фIэщыгъэм щIэту уэрэдхэр щызэхуэхьэса тхылъыр Краснодар кьыщыдигъэкIащ. 1969 гъэм адыгей тхакIуэ Мамий Ерджыб и Iэдакъэщlэкlыбу дунейм кьытехьа «Щытхъуи и гъуэгу» («Щытхъуи игъоГу») пьесэм Тхьэбысымым макъамэ хуитхащ.

Адыгейм игъэзэжа нэужь, Умар и Iащlэр зэрыщыту уэрэд тхыным тригъэпсыхьащ. 80 - 90 гъэхэм кьриубыдэу абы и Iэдакъэщlэкl уэрэдхэр щызэхуэхьэсауэ «Гум и уэрэдхэр» («Гум иорэдхэр», 1983), «Си хэку - си уэрэд» («Си хэку - сиорэд», 1989) «Дыгъэм уэрэд хужьзоIэ» («Тыгъэм орэд фэсэIо», 1993) тхылъхэр дунейм кьытехьащ.

Тхьэбысымыр усакIуэ цIэрыlуэ куэдым ядэлэжьащ, абыхэм я усэхэм макъамэ щIилъхьащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Гамзатов Расул, Жэнэ Къырымызэ, Мэшбащlэ Исхьакъ, Кlыщокъуэ Алим, Пэрэныкъуэ Мурат, Хьэдэгъэлl Аскэр, Кьуижкъуэ Налбий, Къэшбей Пщымахуэ, н. А уэрэдхэм ящыщ куэдыр, адыгэхэр щыпсэу хэгъэгухэм я мызакъуэу, Урысейми хамэ къэралхэми щыIуащ. Нэхъ цIэрыlуэ дыдэ хуъуахэм ящыщщ Жэнэ Къ. и псалъэхэр зыщIлъ «Си нанэ» («Синан») уэрэдыр. Абы и псалъэхэр зымыщIэ, ар дзапэ уэрэду зыIурымыльэ зы адыгэ щыIэу кьыщIэкIынукъым:

Типсыхьо сыкIэдэIукIмэ,
Умакъэ ащ къыхэIукIы,
Чыгъы бырабмэ япкIашъэ
О пщIэкIэ къысIоIушъашъэ.
Синанэу синэнэ дах,
Дунаер сфэогъэдах.
Насыпыр о къысэптыгъ,
Дунаер о сфыхэпхыгъ.
Ойра-ойра-ойри-ра,
Ойра-ойра-ойри-ра,
Синэнэ дахи,
Синанэ, синанэ,
Синанэ, синанэ,
Синэнэ дахи.

Ди псыхъуэм сыщIэдэIукIмэ,
Уи макъыр абы къыхолукIыр,
Жыг баринэхэм я пщIащэр
Уи бзэкIэ къысIоIущащэ
Си нанэу си нанэ дахэ,
Дунейр схубогъэдахэ.
Насыпыр уэ къызэптащ,
Дунейр уэ схуэпхащ.
Ойра-ойра-ойри-ра,
Ойра-ойра-ойри-ра,
Си нанэ дахэ,
Си нанэ, си нанэ,
Си нанэ, си нанэ,
Си нанэ дахэ.

(Кьэбэрдей-шэрджэсыбзэм къизыгъэзэгъар дэращ. - ***Хь.Л.***).

Тхьэбысымым и уэрэдхэр зытеуха и лъэныкъуэкIэ, я купщIэкIэ гуп щхьэхуэрэ зэтопщIыкI. «Сыту удахэ» («Сыдэу удахэ»; пс. Яхуlэ С.), «Си къуажэ» («Сикъуадж»; пс. Жэнэ Къ.), «Илъэсыщlэм дыдощIэрэщIэж» («Илъэсыкlэм тыдэкIэжьы»; пс. Нехай Р.), «Хуэдз и уэрэд» («Фэдз иорэд»; пс. Iэпщоькъу А.), «Мейкъуапэ вальс» («Майкопский вальс»; пс. Ашихмин А.) уэрэдхэр хэкум, лъахэм, композиторыр кьыщыхьуа жьлэм хуэгъэпсащ. Абыхэм цIыхум и лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэ мыкIуэщIыжыр япкъыргъэшыпсыхьащ. Ар, псалъэм папщIэ, «Си къуажэ» («Сикъуадж») уэрэдым узыщIихьэлIэ мыпхуэдэ сатырхэм наIуэу къыпкърощ:

Ипсыхъо Iушъашъэ
Гъатхэм къэзэрэгу,
Ибжьыхьапэ дышъэ
Сэ сипкIыхьы лъэгу.
О енкъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас,
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

И псыхъэу Iущащэр
Гъатхэм къэзэрэгу,
И бжьыхьапэ дыщэр
Сэ си пщIыхь лъэгущ.
Уэ си къуажэ къуажэу,
Уэ си къуажэ щIасэ
Си псэр зыхэпщIауэ
Си гум щымыкIуэщI.

(Кьэбэрдей-шэрджэсыбзэм къизыгъэзэгъар дэращ. - ***Хь.Л.***).

Тхьэбысым У. и творчествэм зауэм екъэIа уэрэдхэм щIыпIэ ин щаубыд. Апхуэдэхэщ: «Си щауэгъу» («Сишъэогъу»; пс. Мэшбащlэ И.), «ТекIуэныгъэ» («ТекIоныгъ»; пс. Куэшбей П.), «Зауэм дыхуейкъым» («Заом тыфает!»; пс. Куэшбей П.), «Гъатхэм и цIэкIэ текIуэныгъэ» («Победа во имя весны»; пс. Щелоков Ю.), «Гукъэкlыж хьэлъэ» («Суровая память»; пс. Мэшбащlэ И.), «Сэлэт мыщIыхум теуха балладэ» («Баллада о неизвестном солдате»; пс. Щелоков Ю.), н.

Умар и уэрэд щхьэхуэхэм гуащIэдэкI хьэлэлыр щегъэлъапIэ. «Шофёрым и уэрэд» («Шофёрым иорэд»; пс. Гъубж М.), «Афуджан» (пс. Балъкъэр Ф.), «Къэралхъан» (пс. Балъкъэр Ф.), «Мэлыхьуэм теуха уэрэд» (урысыбзэкIэ: «Песнь о чабане»; пс. Пэрэныкъуэ М.), «Мэлыхьуэ бланэ» («Мэлэхъо блан»; пс. Пэрэныкъуэ М.), «Комбайнёр пэрыт» (пс. Яхуlэ С.) уэрэдхэм псэемыблэжу зи лэжьыгъэр езыхьэкIхэм я образ уардэхэр кьыщыгъэщIащ, абыхэм я фIыгъэкIэ гуащIэдэкI хьэлэлым и лъапIагъэ цIыхубэм яхэпща хъуащ. Апхуэдэ уэрэдхэм ящIэть макъамэ гуакIуэм пэджжэу пейзажри IэкIуэлъакIуэу хэухуэнащ. «Мэлыхьуэм теуха уэрэдым» мыпхуэдэ сатырхэм ущрохьэлIэ:

Къэтэбэ шхъуантIэу губгъом зеушъомбгъу,
Къэгъагъ зэмышъогъуэхр осэпсым егъэкIы.
КIэим илъэгуанэ псыхъэр щэчэрэгъу,
Мэлы Iэхъушъхьэр хьэзэ ащ рекIокIы.

Къэдабэ щхъуантIэу губгъуэм зеуфэбгъу,
Гъэгъа зэмыфэгъуэхэр уэсэпсым егъэкI.
Щыхуэпlэ лъагъум псыхъэр кьыщокъуалъэ,
Мэл Iэхъушэшхуэр абы щикъухьащ.

(Кьэбэрдей-шэрджэсыбзэм къизыгъэзэгъар дэращ. - ***Хь.Л.***).

Тхьэбысымым и Iэдакъэщlэкlхэм гушыIэрэ ауанкIэ гъэнщIа уэрэд гъэщIагъэнэхэри яхэтщ. Псом хуэмыдэу цIыхубэм гунэс ящыхъуащ «Сыхуейкъым уи «Волгэ» хужьы» («Сыфаеп уи «Волга» фыжьы»; пс. Жэнэ Къ.), «Гушыlэ уэрэд» («Сэмэркъэу орэд»; пс. Пэрэныкъуэ М.), «Мы хъулъхугъэзэри»» («Мы хъулъфыгъэзэри!»; пс. Джэдгъэф Б.) жьыхуIэхэр.

Уэрэдус Iэзэм сабийхэри гулъытэншэу кьиугъэнакъым: цIыкIуэхэм папщIэ абы итхащ «Дахэ ди гухэлъщ» («Дахэ тигухэлъ»; пс. Кьуижкъуэ Н.), «Хэт апхуэдэ илъэгъуа?» («Хэт ащ фэдэ ильэгъуГъ»; пс. Шумахуэ А.), «Гущэкъуэ уэрэд» («Кушъэ орэд»; пс. Щоджэнцlыкlу Н.), н.

Тхьэбысым У. и уэрэдхэм ящыщ зыбжанэм макъамэри усэхэри езым яхуитхыжащ. Апхуэдэхэщ «Си Жэмбэчей» («Си Джамбечый»), «Сыт абы хэлъыр?» («Сыд ащ фэIуагъ?»), «Адыгэ лъэпкъхэр», «Уэ езыр» («Ор-рэу») жьыхуиIэхэр, н.

Тхьэбысым Умар и творчествэ гъунапкъэншэр щIыпIэ куэдым щызэпъащIысащ. Абы и уэрэдхэр Адыгей, Кьэбэрдей-Балъкъэр, Кьэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я мызакъуэу, къэрал псоми, адыгэхэр щыпсэу хамэ къэралхэми (Тырркуи, Сириием, Иорданиием, н.) щагъэзащIэ. УсакIуэ-уэрэдус цIэрыlуэм лъэпкъ щэнхабзэмми, гъуаздджэми, литературэми хэлъхьэныгъэ ин хуищащ, абы и цIэр адыгэм и тхыдэм дыщэпскIэ хэтха хъуащ.

ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,
филологие щIэныгъэхэм я кандидат.

Щызэхуэдэщ Налшыки Мейкъуапи

● Футбол

«Дружба» (Мейкъуапэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (0:0). Мейкъуапэ. Адыгейм и республикэ стадион. Мэкъуауэгъуэм и 9-м. ЦIыху 650-рэ епIащ.

Судьяхэр: Опейкинэ, Ежак (тIури Сочэ щыщщ), Головченкэ (Дон Iус Ростов).

«**Дружба**»: Орехов, Хьэгъур, Подковыров, Букие, Iэшэ, Гогиты, Антоненкэ, Ещенкэ, Къуэн, Андрейченкэ, Бабенкэ.

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Ольмезов, Сындыку, Шумахуэ, Мэкъуауэ, Дэхъу, Багъэтыр (Къумыкъу И., 76), Ашуев (Апажэ, 82), Iэпщащэ, Къуэтр (Жангуразов, 69), Хьэшыр.

Топыр дигьэкIащ: Iэшэм, 76 (1:0).

Дагъуэ кьыхуащIащ: Iэшэм, Ольмезовым, Сындыкум, Къуэным.

53-нэ дакъикъэм пенальтир худэгъэкIакъым Шумахуэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Iэпэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и мыгъэрей Iыхьэм щыщIадзэжа гъатхэпэ маазэм «Спартак-Налшыкым» Мейкъуапэ и «Дружба»-р 3:1-уэ Зэкъошныгъэ-дей-Балъкъэрым и кьалащхьэм зэрыщыхигъэщIам кьытщигъэхъуат ди команд дэр зэхьэзэхуэм хъарзынэу хуэхьэзырр дяпэкIэ дэрэжэгъуэ кьудитыну. Арщхьэкlэ адэкIэ кьыкIэлъыкIуа мазищым хьэкъ кьытщащIащ зыми фIыкIэ зэрызэримыхъуэжар икIи, иужькIэ тренер нэхъыщхьэу нэгъуэщI ягъэувами, псори зэрызыщту кьызэрыпэжар. Нэгъабж хуэдэу, налшыкдэсхэр зэфIэкI щIагъуэ зимыIэхэм кьахэнащ икIи Адыгеймрэ мэкъуауэгъуэм и 9-м щыфIахьа иужькIэ наIуэ хъуащ епщIанэ уВыпIэм зэрыфIэмыкIыфрыр.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Дружба»-мрэ гъатхэпэм зэрызохуэзэрэ я щытыкIэм щIагъуэу зихъуэжатэхэм - тIури турнир таблицэм и етIуанэ Iыхьэм кьызэрыщынат. Апхуэдэу щыт пэтми, мы зэхьэзэхуэм щыщу иужь дыдэ зэIуцIэр зи стадионым щезыгъэкIуэкI мейкъуапэдсхэр щIэхъуэпсырт кьыдэщIыну кьэкIуахэм гуIэфIтещIэж хуащIыну. Ар абыхэм кьайхуIлащ, хуабжьу гугъу дехьами.

Джэгум и апэ Iыхьэр бжьыгъэр кьызэIуамыхьаурэ кьрахьэлIа иужькIэ, налшыкдэсхэм яебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэмкIэ етIуанэр ирагъэжьащ. Абыхэм пэмылъэщIыж хьуа «Дружба»-м и футболистхэм я гъуэм пэмыжьыжьу хабзэр кьызэпаудащ. ЗэIуцIэм и судья нэхъыщхьэ, Сочэ щыщ пщащэ гуакIуэ Опейкинэ Верэ куэдрэ мыгупсысэу метр пщыкIызым и деж игъэлъэгъуащ. Ди щIалэхэм ящыщу пенальтыхэр зыгъэзащIэ хабзэ Пащты Руслан мы джэгум зэрыхэмытым кьыхэкIыу Iэхуэр и пщэ иралъхьащ Шумахуэ Заур. Ар лъэщу икIи тегъэпсауэ топым еуа хуэдэт, арщхьэкIэ хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетым фIэкIакъым.

Метр пщыкIызым и деж щыту кьызэрыхэмыжаныкIыфам «Спартак-Налшыкым» и лъэр щIигъэхуащ. «Дружба»-м ар Iэзэу кьигъэсэбэпащ икIи 76-нэ дакъикъэм Iэшэ Анзор ди гъуащхьэхъуэмэхэм яIэщIэкIри, мейкъуапэдсхэм текIуэныгъэр кьезыгъэхьа топ закъуэр кьытхудигъэкIащ.

Арати, етIуанэу зэкIэлъыкIуэжьу «Спартак-Налшыкыр» 0:1-уэ кьыхаГэщIащ. Тхьэмахуэ ипэкIэ кьытхуеблэгъа Таганрог и «Форте»-р а бжьыгъэмкIэ кьафIэкIащ, иджы Мейкъуапэ абы кьыщытригъэзэжащ.

Зэхьэзэхуэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэри зэфIэкIащ. Черкесск щыIэу 7:0-у щыпIэ «Интер»-р хэзыгъэщIа Краснодар и «Кубань»-м бжьыпэр Iэрыхьащ икIи апэ дивизионым кIуэну Iэмал игъуэтащ. Абы и иужь зэIуцIэм топищ зэуэ хуащIмэ. Армырамэ езыхэм я пIэкIэ Томск и «Томь»-р япэ дивизионым кьыхагъэнэнут.

Адэкlэ щыгъуаэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ бэрэжьей кIуам зэхэта зэIуцIэхэм кьарикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Интер**» (Черкесск) - «**Кубань**» (Краснодар) - **0:7**, «**ТIуапсы**» (ТIуапсы) - «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:0**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **2:2**, «**Краснодар-3**» (Краснодар) - «**ЕсэнтIыгу**» (Есэнтlыгу) - **3:0**, «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **0:3**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **2:3**, «**Форте**» (Таганрог) - «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - **1:0**.

Дыгъуасэ, мэкъуауэгъуэм и 15-м, иухащ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэр. Абы и иужь дыдэ джэгуГъуэм «Спартак-Налшыкым» кьыщригъэблэгъащ Дон Iус Ростов и СКА-р. Ар зэрекIуэкIамрэ турнир таблицэм игъуэта кIэух теплъэмрэ ятеуха тхыгъэ дя газетым тетынущ.

ЖЬILАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «**Кубань**»	31	25	2	4	81-21	77
2. «Кубань-Холдинг»	31	23	5	3	61-23	74
3. «Черноморец»	31	21	6	4	55-18	69
4. «Легион Динамо»	31	16	13	2	55-20	61
5. СКА	31	18	4	9	68-32	58
6. «Анжи»	31	13	9	9	54-42	48
7. «Форте»	31	13	8	10	52-30	47
8. «Динамо-Ставрополь»	31	13	6	12	49-44	45
9. «Мэхъэчкъалэ»	31	12	8	11	45-42	44
10. «**Спартак-Налшык**»	31	11	8	12	41-36	41
11. «Биолог-Новокубанск»	31	11	3	17	56-52	36
12. «Краснодар-3»	31	10	6	15	39-52	36
13. «Мэшыкъуэ-КМВ»	31	9	7	15	40-53	34
14. «Дружба»	31	7	4	20	26-74	25
15. «Интер»	32	4	6	22	28-89	18
16. «ТIуапсы»	31	4	3	24	36-105	15
17. «ЕсэнтIыгу»	31	3	4	24	25-78	13

Ди газетым мэкъуауэгъуэм и 10-м тета «Хьэрэкхъуэрэ» адыгэ псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

ЕкIуэкIыу: **8**.Бжьапцlэ. **9**. Кьатхъэнсулыкъу. **10**. Бахъсэн. **14**. ЗыпэжкI. **15**. Щхьэлыкъуэ. **16**. Сэхуэсэпль. **17**. Нэхулъэ. **18**. Блэ. **19**. Кьэжьлагъэ. **20**. Псы ина. **21**. Кьураты. **23**. Сунжэ. **26**. Кьунан. **27**. Аурсэнтх. **30**. Уафэгъуэгъуэ. **33**. Щыблэ. **35**. Жьынду. **36**. Мэз. **37**. Хужьз. **38**. КIуэр. **39**. Дадий. **44**. Елэн. **45**. Бакан. **47**. Бжэндэхъу. **48**. Ергъэн. **51**. Кьужьей. **54**. ЕкIэпцlэкъуэ. **55**. Пшагъуэ. **56**. Шэджэм. **57**. Хьэбжьныхъу. **61**. Бжэн. **62**. Щтауч. **65**. ХьумпIэцlэдж. **66**. Бжьэпэ. **68**. Тхуей. **71**. Хьэламу. **72**. Пыл. **73**. Шэд. **75**. Къэб. **76**. Арщын. **78**. Къамыл. **80**. Хьэрэкхъуэрэ. **82**. Кьэщкъэтау. **84**. Хьэрэ. **85**. Сэбэп. **87**. Дзыгъуэ. **88**. Тхьэбзэ. **90**. Шыгъажэ. **94**. Тур. **97**. Кьалэм. **98**. Кьэнжал. **99**. Арыгьей. **100**. Узылъ. **101**. Джэдкъурт. **102**. Чыпцlэпщхьэпэ. **103**. Пьэджажь.

Къехьу: **1**. Кьетыкъуэ. **2**. Налмэс. **3**. ХьуаскIэ. **4**. ПцIащхъуэ. **5**. Гундэлэн. **6**. Кьаплъэн. **7**. Псынэ. **8**. Быльтырыку. **11**. Нэхущвагъуэ. **12**. Мэшыкъуэ. **13**. Шэлымэ. **19**. Кьыу. **22**. Ташын. **24**. Урыху. **25**. Жьлэ. **26**. Кьуэкlий. **28**. Радва. **29**. Номин. **31**. Фёрде. **32**. Адакъэ. **34**. Бжьынэ. **40**. ШэгъэфIэу. **41**. Ажэгъуэмэ. **42**. ХьэкIэмэл. **43**. Бжьныкъухъу. **45**. Бжьэпщ. **46**. Акъ. **49**. Ре. **50**. Ныбгъуэ. **52**. Пшэ. **53**. Бздж. **58**. Гуу. **59**. Хьэрэм. **60**. Кхъужь. **63**. Тимур. **64**. Чыпцlэ. **66**. Бабыщ. **67**. Пэрыт. **69**. Iэщхъэ. **70**. Шыдудз. **73**. Шlатэ. **74**. Дышъ. **77**. Тхьэгъэпэдж. **79**. Абгъэурынэ. **81**. Кхъуэбанэ. **83**. Кьэгъэгъа. **86**. Бзыкlэплъ. **89**. Хьэкъырш. **91**. Жейнэд. **92**. Ямыдз. **93**. Блапцlэ. **95**. Вагъуэжж. **96**. Дудакъ.

Iейм щахъумэн мурадкIэ

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Урысейм афиянэхIхэм зэрыщыпэщIэт Iуэхухэм ящ щ «Призывник» зыфIащар. Ар ирагъэкIуэкI ильэсым тIуу, дзэм кьулыкъу щызыщIэнухэр щраджэ пIалъэм.

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъныныкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм ящыщ Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Дзэ комиссариатым щыIащ дзэм ираджахэм яIущIэн папщIэ.

Республикэ военкоматым и Iэщlагъэлlхэмрэ полицейхэмрэ щIалагъуэлъэм епсэлъащ афияным зыщахъумэным теухуаусэ.

Полицейхэм абыхэм жраIащ афиянэхIкIэр хабзэм кьемыззэгъыу игъэкIыным уголовнэ, административнэ жэуапым уэзрыришалIэр, наркотикым цIыхухэр щащIэ-мащIэуэ зэриукIыр.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Щыгъуэ Iэ тезыдзаэм яхуэхьынынр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.:76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъуасэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Кьэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытращащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ

ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфIыщlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьлэсэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ** Эллэ (жэуап зыхъ секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъан, Нэщlэныдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщlи Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжьрэ редакцэмрэ я хэщlапIэр 360030, Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторым нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узышIагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьэбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *редакторыу* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзIэныкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр яIуащ* **Доп Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Южный регион» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1927 ● Заказ №1294



● Атлетикэ псынщIэ

Урысейпсо зэхьэзэхуэм щытокIуэ

Брянск къалэм щекIуэкIащ Урысейм атлетикэ псынщIэмкIэ и гуп зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, диск зыгъэльатэ спортсмен цIэрыIуэ Добренький Александр.

ПРОХЛАДНЭ дэт, атлетикэ псынщIэмкIэ Олимп резервым и спорт школымрэ Налшык и СШОР-мрэ я гъэсэным дискыр метр 59-рэ сантиметр 92-кIэ игъэльэтащ. Абы кьефIэкIкIи зэхьэзэхуэм кьыхэкIакъым икIи КъБР-м щыщ спортсменым дыщэ медалыр Iэрыхьащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Кьэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэр Iуэхущlапlэм этнологиемрэ этнографиемкIэ и къудамэм и щIэныгъэ пэжьакIуэ нэхъыжьхэ **ГъэкIэ Анджелэ Вячеслав и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **ГъэкIэ Вячеслав Безит и къуэр** дунейм зэрехьэкм къыхэкIыу.